

POU ENTIME A: Yon *Kontestasyon Demann pou Revizyon Komisyon an (Fòmilè RB-89.1)*, oswa "kontestasyon an," dwe depoze nan espas 30 jou kalandriye apre notifikasyon *Demann pou Revizyon Komisyon an (Fòmilè RB-89.1)* bay entime a, oswa "demann lan," bay entime a. Yo konsidere depo *Fòmilè RB-89.1* an fèt lè Komisyon an resevwa kontestasyon an ofisyèlman. Dapre Seksyon 300.13(ch) nan Tit 12 NYCRR yo, ki egzije pou tout kontestasyon yo konfòme yo ak egzijans Seksyon 300.13(b) nan Tit 12 NYCRR yo, depo *Fòmilè RB-89.1* an ka fèt sèlman nan adrès imèl santralize a pou reklamasyon yo (wcbclaimsfilig@wcb.ny.gov), oswa atravè lyen telechajman ki sou sit Entènèt WCB a (<https://wcbdoc.services.conduent.com/>). Aplikan (moun ki fè reklamasyon an) ki pa reprezante yo ka voye yon *Kontestasyon Demann pou Revizyon Komisyon an* tou nan adrès postal santralize Komisyon an (PO Box 5205, Binghamton, NY 13902-5205). Fòmilè *RB-89.1* yo ki gen rapò ak reklamasyon pou diskriminasyon nan konpansasyon travayè yo dwe depoze devan Komisyon an lè moun nan voye kontestasyon an an atravè lapòs bay Inite Diskriminasyon Komisyon an, PO Box 9029, Endicott, NY 13761-9029. Fòmilè *RB-89.1* yo ki gen rapò ak reklamasyon pou benefis andikap (reklamasyon pou konpansasyon pou salè ki pèdi akòz aksidan oswa maladi ki pa gen rapò ak travay la) dwe depoze devan Komisyon an lè moun nan voye kontestasyon an bay Biwo Benefis Enfimite a, PO Box 9029, Endicott, NY 13761-9029. Yon kopi kontestasyon sa a dwe ale jwenn tout pati ki gen enterè ki nesesè yo dapre Seksyon 300.13(b)(1)(iv) nan Tit 12 NYCRR yo. *Fòmilè RRB-89.1 an*, sof si yon aplikan ki pa reprezante soumèt li, dwe prezante nan fòma Prezidan an preskri a, tout seksyon nan kontestasyon an dwe ranpli, epi nenpòt memwa jidisyè ki kòm anèks dwe konfòme yo ak Seksyon 300.13(b)(1)(i) nan Tit 12 NYCRR yo. Si w pa bay tout enfòmasyon ki nan Seksyon 300.13 nan Tit 12 NYCRR yo ak enstriksyon sa yo, sa ka lakòz yo pa konsidere kontestasyon an.

REMAK: Yo p ap aksepte *Kontestasyon Demann pou Revizyon Komisyon an* si moun nan delivre li ak men nan yon biwo Komisyon an. Yo pral konsidere Fòmilè *RB-89.1* yo voye atravè lapòs oswa soumèt dirèkteman bay Divizyon Revizyon Administratif la tankou yo pa te depoze li devan Komisyon an epi yo p ap konsidere li.

- Nimewo Dosye WCB a(yo).** Antre Nimewo Dosye Komisyon Konpansasyon Travayè (WCB) a(yo) pou reklamasyon ki konsène nan apèl la. Nimewo Dosye WCB (yo) enkli nimewo dosye pou konpansasyon travayè, diskriminasyon, benefis andikap, diskriminasyon nan konje fanmi peye, alokasyon pou ponpye volonte ak chofè anbilans volonte.
- Nimewo Dosye Konpayi Asirans lan(yo).** Antre Nimewo Dosye Konpayi Asirans lan(yo) pou reklamasyon ki konsène nan apèl la. Seksyon/ribrik sa a pa aplike pou reklamasyon pou diskriminasyon.
- Kòd Konpayi Asirans lan.** Antre Kòd Konpayi Asirans lan pou reklamasyon ki konsène nan apèl la. Seksyon/ribrik sa a pa aplike pou reklamasyon pou diskriminasyon.
- Non Konpayi Asirans lan.** Antre non konpayi asirans lan pou reklamasyon ki konsène nan apèl la. Seksyon/ribrik sa a pa aplike pou plent pou diskriminasyon.
- Dat Aksidan an/Konje a.** Antre dat orijinal aksidan an te fèt oswa dat konje fanmi peye a te kòmanse (si konje fanmi peye pa te aktive, antre dat reklamasyon pou diskriminasyon an).
- Non Moun ki fè Reklamasyon an.** Antre non konplè anplwaye a.
- Adrès Moun ki fè Reklamasyon an.** Antre adrès lari a, vil, eta ak Kòd Postal anplwaye a.
- Pati ki Depoze Kontestasyon sa a.** Endike ki pati ki depoze kontestasyon sa a.
- Kalite Demann (Aplikasyon) Kontestasyon an Reponn.** Endike si kontestasyon an reponn yon demann pou 1) revizyon desizyon Jij Konpansasyon Travayè a (WCLJ), oswa 2) yon nouvo odyans oswa yon reyouvèti.
- Dat Desizyon an.** Endike dat desizyon an ki konsène nan apèl la.
- Dat Notifikasyon an.** Endike dat yo te notifye demann lan bay entime a.
- Rezilta yo Mande.** Endike si wi ou non kontestasyon an fè konnen 1) yo ta dwe rejte aplikasyon an dapre Seksyon 300.13(b) (4) nan Tit 12 NYCRR yo, 2) yo ta dwe korije administrativman desizyon Jij Konpansasyon Travayè a (WCLJ) epi ki jan yo ta dwe korije li, 3) yo ta dwe kenbe desizyon Jij Konpansasyon Travayè a (WCLJ) an antye, oswa 4) yo ta dwe modifiye desizyon Jij Konpansasyon Travayè a (WCLJ) ak fason yo ta dwe modifiye li.
- Repons pou Kesyon epi Motif.** Bay yon deklarasyon tou kout kòm repons ak kesyon ak motif ki te souleve nan demann lan, idantifye nenpòt swadizan fo deklarasyon nan reyalyte a oswa dapre lalwa. Dapre Seksyon 300.13(b)(1)(i) ak (c) nan Tit 12 NYCRR la, yon entime kapab enkli yon dokiman legal ki pa plis pase uit (8) paj, lè w sèvi avèk yon polis 12 pwen, ak maj yon pous, sou papye 8.5 pous pa 11 pous. Yo p ap konsidere yon memwa jidisyè ki gen plis pase uit (8) paj, sof si entime a presize alekri pou ki sa yo pa t ka prezante baz apèl la nan uit (8) paj. Nan okenn ka, yo p ap pran an konsiderasyon yon memwa jidisyè ki gen plis pase kenz (15) paj.

14. **Dosye.** Si dosye ki site nan demann lan reprezante dosye revizyon konplè a, kite seksyon sa a vid. Si dosye ki site nan demann lan pa reprezante dosye revizyon konplè a, idantifye ak dat ak/oswa nimewo idantifikasyon dokiman an(yo), odyans adisyonèl, dokiman, pyès, lòt prèv ak transkripsyon nan dosye Komisyon an ki gen rapò ak kesyon an(yo) ak motif la(yo) ki souleve nan demann lan epi yo pa te site nan demann lan. Pa enkli ak oswa mete kòm anèks pou *Kontestasyon Demann pou Revizyon Komisyon an* nenpòt dokiman ki te nan dosye Komisyon an nan moman yo te depoze demann lan oswa kontestasyon an. Komisyon an ka rejte yon kontestasyon yon entime oswa reprezantan legal li si entime a mete kòm anèks dokiman ki te deja nan dosye Komisyon an nan moman yo te depoze demann lan oswa kontestasyon an, dapre Seksyon 300.13 (b)(1)(ii) ak (c) nan Tit 12 NYCRR yo. Pa enkli oswa soumèt transkripsyon oswa anrejistreman odyo odyans yo, paske Komisyon an p ap konsidere yo.

15. **Nouvo Prèv ak Lòt Prèv.** Si yon entime ap chèche prezante nouvo oswa lòt prèv ak *Kontestasyon Demann pou Revizyon Komisyon an* ki pa te prezante devan Jij Konpansasyon Travayè a (WCLJ), li dwe 1) endike nan kontestasyon an si prèv sa yo kòm anèks ak kontestasyon an oswa si yo nan dosye Komisyon an, espesifye nimewo idantifikasyon dokiman ki aplikab la, epi 2) soumèt yon deklarasyon ki prezante prèv la epi eksplike poukisa prèv sa a pa t kapab prezante bay Jij Konpansasyon Travayè a (WCLJ) a. Komisyon an ka oswa li ka pa egzèse otorite li pou pran desizyon pou aksepte prèv sa a. Si kontestasyon an pa soumèt ak yon afimasyon, komisyon an p ap konsidere nouvo prèv oswa prèv adisyonèl sa yo [gade Seksyon 300.13(b)(2)(v) ak 300.17 nan Tit 12 NYCRR yo].

16. **Objeksyon oswa Eksepsyon.** Si ou vle modifiye desizyon Jij Konpansasyon Travayè a (WCLJ), presize objeksyon oswa eksepsyon ki te entèpoze nan desizyon an, ansanm ak dat yo te entèpoze objeksyon oswa eksepsyon an, jan Seksyon 300.13(b)(2) (ii) ak (c) nan Tit 12 NYCRR yo egzije sa. Si yo te entèpoze objeksyon an oswa eksepsyon an nan yon odyans, yo dwe endike dat odyans lan, kote yo te entèpoze objeksyon an oswa eksepsyon an. Si objeksyon an oswa eksepsyon an te entèpoze pandan yon pwosedi ki pa nan orè a, ou dwe endike dat pwosedi ki pa nan orè a.

17. **Sètifikasyon.** Preparatè a dwe siyen ak mete dat nan fòmilè a (endike tou non li, tit, nimewo telefòn li ak adrès li) epi sètifye kontestasyon an fonde devan lalwa ak nan reyalite a, li te depoze ak motif rezonab epi yo te notifiye li bay pati konsène yo nan seksyon Prèv Notifikasyon.

18. **Prèv Notifikasyon.** Tout pati ak enterè ki nesesè yo dwe resevwa notifikasyon kontestasyon an dapre Seksyon 300.13(b)(2) (iv) ak (c) nan Tit 12 NYCRR yo. Si yon pati ak enterè ki nesesè pa resevwa notifikasyon an kòrèkteman, yo konsidere sa kòm yon notifikasyon ki enkonplè epi Komisyon an ka pa konsidere kontestasyon an. Lè se konpayi asirans lan, anplwayè ki gen pwòp asirans li oswa lòt moun k ap peye oswa potansyèl moun k ap peye ki depoze *Kontestasyon Demann pou Revizyon Komisyon an*, moun ki annapre yo dwe resevwa notifikasyon an kòm sadwa: moun ki fè reklamasyon an, reprezantan legal li ak lòt pati ak enterè ki nesesè. Yo konsidere notifikasyon an alè si entime a fè li nan espas trant jou (30) apre notifikasyon *Demann pou Revizyon Komisyon an*. Afimasyon an dwe ranpli epi li dwe gen ladan metòd ak dat depo kontestasyon an devan Komisyon an. Entime a ka sèvi ak yon sèl metòd sèlman pou depoze kontestasyon li a devan Komisyon an. Si entime a depoze kontestasyon an an doub, yo ka konsidere depo kopi adisyonèl yo souleve oswa ap pousuiv yon kesyon san motif rezonab epi yo ka soumèt yo ak yon evalyasyon dapre Seksyon 114-a(3) nan Lwa Konpansasyon Travayè a (WCL). Afimasyon ki ranpli a dwe presize dokiman yo te notifiye yo, non pati ak enterè yo te notifiye yo, dat ak metòd notifikasyon pou chak pati ak enterè yo, epi notifikasyon sa a te fèt nan espas 30 jou apre notifikasyon *Demann pou Revizyon Komisyon an*. Li pa akseptab pou w ranpli pati nan afimasyon an kote li bay lis pati yo notifiye yo ak metòd notifikasyon an ak "Gade anèks yo". Si yon pati resevwa notifikasyon an atravè imèl oswa lòt mwayen elektwonik, afimasyon an dwe gen ladan yon sètifikasyon ki konfime pati sila te bay otorizasyon klè pou resevwa notifikasyon an ak mwayen sa yo [gade Seksyon 300.13(b) (2)(iv)(C) ak (c) nan Tit 12 NYCRR yo]. Tout pati yo pa oblije resevwa notifikasyon an menm jan. Afimasyon an dwe gen dat epi siyen anba penalite pou fo temwayaj.



REFITASYON DEMANN POU REVIZYON PA KOMISYON KONSÈY LA

1. Nimewo Dosye WCB a(yo)	2. Nimewo Dosye Konpayi Asirans lan	3. Kòd Konpayi Asirans lan	4. Non Konpayi Asirans lan	5. Dat Aksidan an/Konje a
6. Non Moun ki fè Reklamasyon an			7. Adrès Moun ki fè Reklamasyon an	
8. Kontestasyon sa a fèt nan non:				
9. Kontestasyon sa se yon repons pou yon demann (Koche youn SÈLMAN): ☐ Revizyon Desizyon WCLJ a ☐ Yon Nouvo Odyans oswa yon Reyouvèti				
10. Dat depo desizyon an (mm/jj/aaaa):				
11. Entime te resevwa notifikasyon demann lan nan dat (mm/jj/aaaa):				
12. Kontestasyon sa a fè konnen: ☐ Yo ta dwe rejte demann sa dapre Seksyon 300.13(b)(4) nan Tit 12 NYCRR yo. ☐ Yo ta dwe korije administrativman desizyo pou li di: _____ ☐ Yo dwe konfime deizyon an an antye. ☐ Yo dwe modifiye desizyon kon sa: _____				
13. Repons pou kesyon yo epi motif. Kontestasyon sa a adrese chak kesyon ki souleve jan sa a (si w enkli yon memwa jidisyè, li pa ka depase 8 paj, gade enstriksyon yo pou plis detay):				
14. Dosye. Si ou pa apiye sou dosye a, idantifye lòt prèv ki enpòtan (gade enstriksyon yo pou plis detay):				
15. Nouvo prèv ak lòt prèv dapre Seksyon 300.13(b)(1)(iii) nan Tit 12 NYCRR (gade enstriksyon yo pou plis detay):				
16. Objeksyon oswa eksepsyon. Si kontestasyon an pretann desizyon an ta dwe modifiye, presize objeksyon oswa eksepsyon ki te entèpoze nan desizyon an ak dat li te entèpoze a dapre Seksyon 300.13(b)(2)(iii) ak (c) nan Tit 12 NYCRR yo:				

17. Sètifikasyon: Lè mwen siyen dokiman sa a nan espas yo bay anba a, mwen sètifye demann sa a fonde devan lalwa ak nan reyalite a, li te fèt ak motif rezonab e tout pati ak enterè ki nesèsè yo te resevwa notifikasyon avèk metòd notifikasyon an, ki gen ladan adrès aktyèl kote yo te transmèt notifikasyon an ki endike nan afimasyon ki anba a. Mwen konprann Lwa sou Konpansasyon Travayè a prevwa gwo penalite pou entwodiksyon oswa pousuit yon pwosedi san motif rezonab ak/oswa nan bi pou lakòz reta. Mwen konprann si mwen retire demann sa a pou nenpòt rezon oswa si pati yo rezoud nenpòt nan kesyon ki soulve yo, mwen dwe notifye Komisyon an ak pati ak enterè ki nesèsè yo alekri imedyatman.

Siyati Preparatè a: _____ Dat preparasyon (mm/jj/aaaa): _____
Non an Lèt Majiskil: _____ Tit: _____ No Telefòn: _____
Adrès: _____

PRÈV NOTIFIKASYON

AFIMASYON

Mwen deklare, anba sanksyon pou fo temwayaj, mwen respekte kondisyon pou depo ak notifikasyon jan yo tablii nan Seksyon 300.13(b)(2)(iv) ak (3) nan Tit 12 NYCRR yo pou *Kontestasyon Demann pou Revizyon Komisyon* an nan fason ki dekri pi ba a epi mwen konprann dokiman sa a ka depoze nan kad yon aksyon oswa pwosedi nan yon tribinal.

- A. Mwen te depoze *Kontestasyon Demann pou Revizyon Komisyon* an devan Komisyon an (dat - mm/jj/aaaa) _____ atravè (chwazi yon metòd):
- ☐ Lapòs nan PO Box 5205, Binghamton, NY 13902 (pou aplikan ki reprezante tèt yo sèlman)
 - ☐ Imèl nan wcbclaimsfilings@wcb.ny.gov
 - ☐ Lyen telechajman WCB a (<https://wcbdoc.services.conduent.com>)
 - ☐ **Reklamasyon pou Diskriminasyon nan kad Konpansasyon Travayè:** Kourye bay Inite Diskriminasyon, PO Box 9029, Endicott, NY 13761-9029
 - ☐ **Benefis pou Andikap:** Kourye bay Biwo Benefis pou Andikap, PO Box 9029, Endicott, NY 13761-9029

B. Mwen te notifye *Kontestasyon Demann pou Revizyon Komisyon* an (dat -mm/jj/aaaa) _____ bay (ajoute lòt paj si sa nesèsè):

Non: _____	atravè (metòd): _____	nan (adrès): _____
Non: _____	atravè (metòd): _____	nan (adrès): _____
Non: _____	atravè (metòd): _____	nan (adrès): _____
Non: _____	atravè (metòd): _____	nan (adrès): _____
Non: _____	atravè (metòd): _____	nan (adrès): _____
Non: _____	atravè (metòd): _____	nan (adrès): _____
Non: _____	atravè (metòd): _____	nan (adrès): _____
Non: _____	atravè (metòd): _____	nan (adrès): _____

Mwen sètifye nenpòt pati ki te resevwa notifikasyon atravè imèl oswa lòt mwayen elektwonik te bay pèmasyon klè pou li resevwa notifikasyon nan fason sa yo.

Mwen sètifye notifikasyon *Kontestasyon Demann pou Revizyon Komisyon* an, jan sa endike anwo a, te fèt nan trant jou apre notifikasyon *Demann pou Revizyon Komisyon* an.

Dat (mm/jj/aaaa): _____ Siyati: _____
Non an Lèt Majiskil: _____